



MASSACHUSETTS
**Department of
Early Education and Care**

**LÈT DÒMI SEKIRITE PARAN YO
Dezyèm sitasyon pou vyolasyon EEC la**

DatC

Chè

Dènyèman, yon reprezantan Depatman Edikasyon ak Swen debaz (EEC) te vizite sant gadri kote ptit ou a ale. Pandan vizit sa a, reprezantan an te idantifye, **pou yon dezyèm fwa, pwoblèm ki pa respekte pwosedi Dòmi an Sekirite Pou ti Bebe** ki enplike tibebe w la oswa lòt ti bebe yo pran swen yo. Espesyalman, EEC te jwenn:

Pou diminye risk pou lanmò tibebe nan lanmò toudenkou (SUID) oswa Sendwòm lanmò toudenkou tibebe (SIDS) nan yon anviwònman gadri, EEC te etabli yon politik konsènan pratik pou dòmi san danje pou tout timoun ki poko gen 12 mwa. Tout pwogram yo oblige suiv règleman sa a pandan y ap bay ti bebe swen. Règleman sa a fè konnen tou echèk repete pou respekte egzijans Dòmi an Sekirite yo ka lakòz aksyon legal sou lisans pwogram nan, jiska ak enkli yon entèdiksyon sou pran swen bebe ak/oswa anilasyon lisans pwogram nan.

Kòm rezulta vizit EEC ki sot pase a, yo te fè pwogram ptit ou a okouran de pwoblèm dòmi an sekirite yo idantifye epi li pral bezwen soumèt yon plan koreksyon bay EEC. Tanpri sonje se dezyèm vyolasyon pwogram nan ki gen rapò ak dòmi an sekirite epi akòz risk pou tibebe, EEC ka mete restriksyon sou oswa anile lisans pwogram sa a pou pran swen tibebe si yo jwenn lòt vyolasyon ki gen rapò ak dòmi Tibebe yo an sekirite.

Si w gen enkyetid konsènan founisè gadri ou a epi w bezwen èd pou w jwenn yon opsyon altènatif, tanpri kontakte [kontakte ajans Resous ak Referans pou Swen Timoun \(CCRR\) lokal ou a.](#)

Mèsi pou èd ou nan sipòte pratik Dòmi an sekirite. Si w gen nenpòt kesyon sou kontni lèt sa a, tanpri pa ezite kontakte m.

Sensèman,

Lisansye, Depatman Edikasyon debaz ak Swen MA

Rekonesans Paran: Tanpri siyen, mete dat epi voye I tounen nan pwogram nan.

Siyati Paran an

Dat